Фразеологизмэхэм адыгэхэм яшэн-зек1уак1э, якультурэ ык1и яэтикэ ч1ып1эшхо щеубыты. Мыхэр зыпкъ итыхэу илъэс шъэ пчъагъэхэм къак1оц1 зэхъок1ыныгъэ афэмыхъоу ижърэ лъэхъаным икультурэ къагъэнафэ. Джырэ тимафэхэм а гущы1эзэгъусэхэр къытхэнэжьыгъэхэу сиурокхэм ащысэгъэфедэх.

Пшъэрылъэу фразеологизмэхэм я1эр бзэм илексикэ къызэрагъэбаирэ закъор арэп. Лъэпкъым ишэн- хабзэхэр, иакъыл зыщызэфэхьысыжьыгъэ ащ фэдэ гущы1э зэхэубытагъэхэм жабзэм образнагъэ халъхьэ , ар нахь щэрыоу, нахь дахэу, нахь к1уач1э и1эу аш1ы. Ащ къыхэк1эу жабзэм икультурэ икъоу п1эк1элъы хъунымк1э, жабзэм и1эпэ1эсэныгъэ псыхьагъэу щытынымк1э фразеологизмэхэр стилистическэ амал лъэшых.

Стилистическэ мэхьанэу фразеологизмэмэ я1эр нахь къызщылъагъорэр художественнэ литературэмрэ публицистикэмрэ арых. Писательхэмрэ поэтхэмрэ яхудожественнэ жабзэ гъэдэхэгъэнымк1э ык1и гъэлъэшыгъэнымк1э анахь к1уач1э зи1эмэ ар ащыщ.

Щы1эныгъэу тыкъэзыуцухьэрэм фразеологизмэхэр зыщыдгъэфедэрэ чъып1эхэр куп купэу бгощын плъэк1ыщтых

Ижъырэ илъэсхэм къащегъэжьагъэу адыгэхэм 1офш1эныр ш1у алъэгъоу, къытк1эхъухьэхэрэ сабыйхэр ащ зэрэфэдгъэсэщтым зиш1уагъэ къак1охэрэмэ зэу ащыщ адыгэ хабзэм иурокхэмрэ адыгэ литературэм иурокхэмрэ.

Ерыуаджэу 1офш1эгъу лъэхъаным ц1ыфыр щымытыным пае ушъый к1ыхьэу зырамыгъэш1эу гущы1э щэрыок1э епсалъэх:

**Ц1ыфыр зыгъэк1эрак1эрэр и1офш1ак1.**

**1оф мыублэм блэ хэс.**

**Ц1ыфыр зыгъэдахэрэр и1офш1ак1.**

**1оф умыш1эхэн нахьи 1оф ц1ык1у…**

Адыгэ бзылъфыгъэм ищытхъу фэшъхьаф ц1ыф лъэпкъэу дунаем тетмэ анэзгъэсыгъэ шэн-хабзэу хэлъынэу щытыгъэмэ зэу ащыщ и1эпэ1эсагъэ. Хъулъфыгъэм зеплъык1э зы чэщк1э адыгэ шъуашэ къыдынышъ фэш1оу, ыгъэшэсыжьынэу щытыгъ. Джы къызнэсыгъэми тиадыгэ бзылъфыгъэхэм ы1апэк1э ыш1ырэхэр 1эк1ыб къэралыгъохэм щызэлъаш1э. Ащ фэдэ бзылъфыгъэу зыц1э чыжьэу 1угъэхэм ащыщых:

**Еутых Ася**-дышъэм, тыжьынымк1э 1ашэмэ ягъэдэхэн фэ1эпэ1ас, зыц1эрэ зищытхъурэ чыжьэу 1угъэмэ ащыщ.

**Шарлота Айщэт** – Иван Грознэм ишъхьагъус, и1ушыгъэрэ, игулъытэрэ ичаныгъэрэ апай Иван Грознэм упч1эжьыгъо ыш1эу къызэрэхэк1ыщтыгъэр мак1эп.

Орэды1охэу, врычхэу, к1элэегъаджэхэу, спортсменхэу… мак1эп зыц1э къеп1онхэу бзылъфыгъэу щытхъу зыпылъэу ти1эхэр. Мыхэм апае гущы1э щэрыохэри щы1эх:

Мыхэр сиурокхэм ащысэгъэфедэх

**1азэм мэзахэ и1эп.**

**1офш1эным фэ1эпэ1асэм «сыщысыгъот» ы1орэп.**

**Псэуалъэ зыем зэри1оу пш1эмэ, у1аз.**

Ш1эныгъэм, еджэныгъэ-гъэсэныгъэм тиадыгэ ц1ыф лъэпкъ к1эхъопсызэ лъэхъан къин къызэпичыгъ. Тисабыихэм икъу фэдизэу сыд фэдэрэ лъэхъани ш1эныгъэ- гъэсэныгъэ тэрэз зэрагъотыщтым ыуж ит тикъэралыгъо. А насыпыр я1эрылъхьэ хъугъэ, ау гущы1э щэрыоу а1ощтыгъэхэр охътабэ къызэпачыгъ нахь мыш1эми джыри тищы1ак1э жъы щыхъухэрэп, ащ фэдэх акъылым фэгъэхьыгъэ гущы1э щэрыохэр:

**Акъылыр къэлэшху.**

**Бэ зэгъаш1э, бэ умы1оу.**

**Гъэсэныгъэр мык1одыжьын былым.**

**Акъылыш1ом делэми бзэ къыфегъоты.**

**Еджагъэ шъхьак1э епщэжьыгъэп.**

**Акъыл зи1эр ахъщэ имы1эми ц1ыфмэ ахэк1уак1э.**

**Акъылыр былыммэ анахь лъап1…**

Адыгэхэр ягущы1э мык1ыхьэу, ау ямэхьанэ купк1 и1эу, дахэу гущы1эныр яшэнэу къыздахьы:

**Гущы1э дахэм гугъур пщегъэгъупшэ.**

**Гущы1э дахэм гъуч1ыр къегъэщы.**

**Гущы1эр бгъэуцумэ пщым фэд, бгъэт1ысымэ ц1ыфым фэд.**

**Зигущы1э нэфым ынапэ фыжьы.**

**Зигущы1э щы1эр л1агъэп.**

Адыгэ орэдэу щы1эр ямэхьанэк1и яхудожественнэ гъэпсык1эк1и зэмыл1эужыгъоу щытых.

Народым иорэдмэ алъапсэ шъыпкъэу щытыр шъыпкъагъэрэ гухэлъ-нэфыгъэрэ зэрахэлъыр ары. Къагъэлъагъорэ зэхэш1ык1ыныгъэхэр куоу, к1уач1э я1эу, шъыпкъэхэу зэрэщытым къыхэк1ык1э народым иорэдхэм гуфэбэныгъэ ин ахэлъ. Орэдмэ ядэхагъэрэ ащ мэхьэнэ инэу я1эмрэ къахэк1ык1э, ахэр илъэс пчъэгъабэхэм ц1ыфмэ ахэлъыех. Илъэсишъэ заулэк1э узэк1э1эбэжьымэ аусыгъэ орэдхэр тэ тимафэхэми къытэнэсыжьыгъэх, джы орэдык1эу аусыхэрэмк1э ащ яш1уагъэ къак1о.

Класс бэнэным народым иорэды1охэр хэлажьэщтыгъэх. «Пщы-оркъ зау» иорэдэу Цыгъо ыусыгъэм урокым щызэхэтфы зыхъурэм гъэпщыл1ак1охэм янэпэнчъагъи, яжъалымагъи тащытегущы1э, ащ дык1ыгъоу якъэрэбгъагъэ зек1уак1эхэри къэтэ1ох. Ащ фэдэ щысэхэр боу къэбгъэлъэгъон плъэк1ыщт. Ахэмэ къаушыхьатырэр жэбзэ дахэр, жэбзэ зэгъэфагъэр 1эшэ чанэу ц1ыфым зэрэ1эк1элъыр ары. Орэдым фэгъэхьыгъэ гущы1э щэрыохэр адыгэ хабзэм иурокхэми ащысэгъэфедэх.

**Мыжъо сыныр мэк1одыжьы, мык1одыжьырэр орэд.**

**Орэдыжъыр жъамэм фэд.**

Андырхъое Хъусенэ пае Хьакурнэ Рау ы1уагъ: **«Орэды1оу дэдгъэк1ыгъ, батырэу къыдэхьажьыгъ».**

Ц1ыф зэхэтык1э-зэфыщытык1э дахэхэм анахьэу бзылъфыгъэм изек1уак1э-ишъхьарыуак1э уасэ щырэты. Ащ ехьыл1эгъэ гущы1э щэрыохэр нахьыбэу зыщызгъэфедэрэр адыгэ хабзэм иурокхэр арых.

**Бзылъфыгъэр акъыл чан.**

**Бзылъфыгъэм ы1ашъхьэ ышъхьэ ишъуаш.**

**Бзылъфыгъэм жъыгъэ раты.**

**Бзылъфыгъэм шы ихьылъэ лъэханэ.**

**Л1ыр зыгъэл1ыри зыгъал1эри бзылъфыгъэр ары.**

Адыгэхэм зэде1эжьыныр , зэгуры1оныр, зэдэштэныр джыри тимафэхэм ахэлъэу мэпсэух, ащ фэдэ шэнхэми адыгэ литературэм ипроизведениехэм бэрэ тащэ1ок1э.

Шъэок1асэ икъэбархэр зэдгъаш1э зыхъук1э, хьыкумэм изэш1охын зэрэзек1онэу щытым и1оф тытегущы1э зыхъук1э, унэй ш1ыхьафым изэк1элъык1уак1, адыгэмэ яш1ыхьафхэр зыфэгъэхьыгъэн ылъэк1ыщтыр, мыхэр зэк1э зэдгъаш1э зыхъук1э гущы1э щэрыохэр мымак1эу щытэгъэфедэх.

**Бэр зэде1эмэ ч1ыр къагъэхъые.**

**Зэдашхэ 1эш1у, зэдэлэжьэ тхъагъу.**

**О узыхьыщт псым сэри серэхь.**

**Узэгуры1омэ тек1оныгъэ тш1ын.**

Ным нахь лъап1э дунаем зэрэтемытыр, ныр щымы1эу зи зэрэщымы1эщтыр жэры1о творчествэм къыщегъэжьагъэу советскэ литературэм нэс темэ шъхьа1эу къыща1эты щыпхырыщыгъэу щыт:

**Ны бгъашъорэ ашъо джэдыгурэ.**

**Ныгук1э къыса1у, ны1эк1э къысат.**

**Ным илъфыгъэ псэм пиш1ырэп.**

**Ным ы1э лъагэу е1этыми шъабэу тефэ, нынэп1осым ы1э шъабэу ы1этыми инэу тефэ**.

Ижъырэ лъэхъаным къыщегъэжьагъэу непэрэ мафэхэм анэс анахь тына1э зытетын фаемэ зэу ащыщ нахьыжъым лъытэныгъэ фаш1ынэу сабыйхэр фэп1угъэнхэм ащ фэдгъэсэнхэм лъэшэу тыпылъ.

**Уинахьыжъ гъэлъап1э, пшъхьэ уасэ фэш1.**

**Гупшыси псалъэ зыплъыхьи т1ыс.**

**Уижъ ы1орэр ш1э уик1э ыш1ырэр шхы.**

**Зинахьыжъ едэ1урэм и1оф мэк1уатэ.**

Шъэок1асэ икъэбархэр зэдгъаш1э зыхъук1э «Тят тутын сегъашъу» зыфи1орэ къэбарым дэгъоу къыщегъэлъагъо нахьык1эр нахьыжъым к1элъыджэныр зэрэемык1ур. Зэрэпсэунэу зэрэзек1онэу щытыр щызэхэтэфы мы урокым ык1и къыщытэгъэлъагъо.

**Нахьыжъым к1элъыджэхэрэп.**

**Къыуаджэрэр нахьыжъ.**

**Къыуаджэрэр нахьык1эми гъазэ.**

**К1алэ п1оу уеупч1ын къэмыгъан.**

К1эрэщэ Т. ипроизведениехэм ащыщхэр зэдгъаш1э зыхъук1э «Насыпым игъогу», «Хьатх Мыхьамэт», «Абдзэхэ шэк1ожъый», «Бысым к1алэр» адыгэхэм хьак1эм уасэу ратыщтыгъэр ар зэряк1эсэр ык1и зэрялъап1эр дэгъу дэдэу мыхэм къащегъэлъагъо. Уцугъо гъэнэфагъэхэр адыгэхэм яхьак1э и1эх: жъи, к1и, баи,

тхьамык1и, хъулъфыгъи, бзылъфыгъи, пыи, ныбджэгъуи ямылъытыгъэу зэк1эм хьак1эм фитыныгъэхэр егъэфедэх.

**Хьак1эм насып къыдак1о.**

**Адыгэм хьак1эр ик1ас.**

**Бысымыр хьак1эм и1офтабг.**

**Бысымыр ахьи хьак1эр къэнагъ.**

Адыгэхэм шэн хэбзэ гъэнэфагъэхэр сэламхык1эмк1э ахэлъэу щыт. Нахьык1эм ыпэрапш1эу нахьыжъым сэлам рихын фай, ау нахьык1эм ыпэрапш1эу нахьыжъым ы1апэ фищэиныр къек1урэп. Ащк1э адыгэ хабзэм иурокхэм нахь игъэк1отыгъэу щызэхэтэфых.

Бэ джыри укъызтегущы1эн плъэк1ыщт фразеологизмэхэр. Мыхэр непи тищы1эныгъэ щагъэфедэх, ау нахь куоу ахэм ямэхьан къагуры1он фай къытк1эхъухьэхэрэ сабыйхэм. Лъэпкъым хабзэу хэлъыр ахэм икъу фэдизэу аш1эным тигъэгумэк1ын ык1и тыпылъын фай. Фразеологизмэхэр дахэх тигущы1э щыдгъэфедэхэ хъумэ, ау ет1ани нахь дэхэжь зыгорэм ахэр ыгъэфедэн ылък1ынэу едгъаш1эмэ гурыдгъа1омэ.